ISSN 2010-720X

# ILIM HA'M JA'MIYET




# FAN VA JAMIYAT

2015 (№1)

MAZMUNI'

BAS MAQALA

2015-ji'l - kekselerdi qa'dirlew ji'li'

**Базарбаев Ж.Б.** Кекселерди қәдирлеў-инсаный қәдирият........ 3

SARQI'LMAS SAG'ALAR

**Пренов Б.Б.** Миллий мәдений мийраслар, илим-билим ҳәм жаслар тәрбиясы........ 7
**Алламбергенов К.** Орта әсирлик аўызеки ҳәм жазба әдебий мийрасларымыз - миллий ҳәм улыўма инсаныйлық қәдириятлар сыпатында........ 9

TA'LIMNIN' TEORIYALI'Q TIYKARLARI'

Ta'biyat ha'm texnikali'q ilimler

**Отенова Ф.Т., Оразова Ш., Отенов Т.** Қарақалпақстан шараятында ағаш-путалы өсимликлерди пайдаланыў ҳәм қорғаў........ 12
**Yavidov B., Jumoboeva M., Safarboyeva F.** Uzluksiz makroskopik tizimlarga oid fizika masalalarini yechish. ........ 14

Ja'miyetlik ha'm ekonomikali'q ilimler

**Абаев С.А., Алламбергенов Е.К.** «Авесто»да әдеп-икрам, шаңарақ ҳәм ҳуқық мәселелеринин сәўлелениўи........ 17
**Абдиназимов Ш.Н.** «Ноғай» антропоними........ 19
**Алланазаров Е.Е.** «Мәкария сулыў» дәстанында психологиялық ҳалатларды сүўретлеўдиң өзгешеликлери........ 21
**Алеуов У., Утебаев Т.** Мустақиллик йилларида Қорақалпоғистонда педагогика фанининг баъзи масалалари........ 22
**Алымов Ә., Адамбаева Т.** Сөз ҳәм саз импровизациясы (Шаңқай жыраў дөретиўшилиги мысалында)........ 24
**Бекбергенова М.** Әжинияз ҳәм Т.Жумамуратов дөретиўшилигинде ел-журт, Ўатан темасы типологиясы........ 25
**Зияева Д.Х.** XIX аср охири - XX аср бошида Амударё бўлимидаги маъмурий ва иктисодий марказлар........ 27
**Qudaybergenova T.** Pedagoglar huquqiy madaniyati va muammolar........ 29
**Мамбетуллаев М., Юсупов К.** Афригидская культура........ 32
**Рзаева Р.К., Ешимбетова Н.М.** Көркем аўдарма теориясы ҳәм әмелиятын раўажландырыўдың базы бир мәселелери... 34
**Турганов Б.Қ.** Ўрта Осиёда ҳунармандчилик уюшмаларининг шаклланиши........ 38
**Умаров Е.К., Умарова А.** Жәҳән экономикасы: диспропорциялар ҳәм раўажланыў өзгешеликлери........ 40

BILIMLENDIRIW, ILIM HA'M INNOVACIYA

**Асаматдинова Ж.** Содержание нравственно-эстетического воспитания старших подростков с направленностью на формирование ценностной ориентации личности........ 43
**Аскаров А.Д.** Педагог кадрлар малакасини масофавий оширишни жорий этишнинг ташкилий-педагогик босқичлари... 45
**Жўраев Т.Н.** Информатика дарслари самарадорлигини оширишда замонавий педагогик технологиялардан фойдаланиш........ 47
**Камалов А.Б., Аширбекова С.У., Матеков А.М.** Астрономия пәнин оқытыўда заманагөй компьютер программаларынан пайдаланыў........ 50
**Мирзаев Ч.Э., Турдибоев Д.Х., Норбоев Ф.** Геометрия фанини ўкитиш муаммолари........ 52
**Сейтмуратова А., Турдымуратов Ж.** Мектепке шекемги балалар тәрбиясы ҳәм ҳәрекетли ойынлар ........ 53
**Сейтенова В.А.** Специфические особенности устных переговоров в свете теории общения........ 55
**Турманов И., Бекмуратова А.** Физикадан тест мәселелерин дүзиў ҳәм анализлеп шешиў методикасы........ 57
**Шарипова Д.Д., Сапаров Т.Т.** Инновационные технологии сохранения здоровья участников образовательного процесса........ 59

JAS ALI'MLAR MINBERI

**Байниязова Г.М.** Ўқувчиларда Ватан равнақи ғоясини шакллантириш мезонлари........ 62
**Бегмуратова Г.А.** Ш.Сейтовтың «Жаман шығанақтағы Ақ туба» романында фольклоризмлердиң қолланылыўы........ 63
**Бекимбетова Г.** Шаңарақтағы перзент тәрбиясында ата-ананың тутқан орны........ 65
**Гайлиева О., Жепбарова С.** Түркмен ҳәм қарақалпақ поэзияларында лирикалық формалардың рәңбәреңлиги........ 67
**Елмуратова З.** Грамматическая категория наклонения в системе английского глагола........ 69
**Кожаметов А.Т., Жалелов К.М.** Алгоритмы оптимизации линейных разностных систем........ 70
**Қдырбаева Г.** «Инсон» концептосферасида диминутивликнинг ифодаланиши........ 73
**Ктайбекова З.К.** Г.Есемуратова гүрриңлериниң тематикасы........ 75
**Насиров А.А.** Провербиал фразеологизмларда иккиламчи актуализация........ 77
**Нурланов А.С., Юсупова Ф.** Қарақалпақстан шараятында жасларға экологиялық мәдениятлылықты қәлиплестириўде география пәнин оқытыўдың әҳмийети........ 79
**Нурымбетова Э.Ж.** Ответственность - как стержень профессионализма личности........ 80
**Сагидуллаева З.Б.** Повестьлерде шахс трагедиясының сәўлелениўи........ 82
**Сапарова Л., Қурбаниязов М.** Мектеп оқыўшыларын кәсипке бағдарлаўдың педагогикалық-психологиялық әҳмийети........ 84
**Таекеева А.** Абсолютное употребление коньюнктива в современном немецком языке........ 86
**Шеримбетова З., Сапаров Ш.** Психик тараққиётда орқада қолган болаларнинг типлари........ 88
**Yuldasheva SH.SH., Aybergenova R.B.** Mukammal darsliklar - ta'lim samaradorligi omili ........ 89

JULDI'ZLAR JI'LNAMASI'

Zulfiya – 100

**Курамбоев К.** Қорақалпоқ адабиётининг ҳам ихлосманди эди ........ 92
**Шынназарова С.** Зульфия шайыр шығармаларында синонимлердиң стильлик қолланылыўы ........ 94

# ОРТА ӘСИРЛИК АЎЫЗЕКИ ҲӘМ ЖАЗБА ӘДЕБИЙ МИЙРАСЛАРЫМЫЗ – МИЛЛИЙ ҲӘМ УЛЫЎМА ИНСАНЫЙЛЫҚ ҚӘДИРИЯТЛАР СЫПАТЫНДА

**К. А.Алламбергенов**- *филология илимлериниң докторы, профессор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** туркийзабон халкларга тегишли маданий мерос, ёзма ёдгорликлар: Урхун-Енисей ёзма ёдгорликлари, «Қўркуд ота китоби», «Ўғузнома», X-XIV асрлар ёдгорликлари: Беруний «Мухтар-ул-ашар», Ахмад Яссавий «Девони-хисмат», Ахмад Югнакий «Ҳиббат-ул ҳақойиқ», Сулаймон Боқиргоний «Ҳикматлар», Рабғузий «Қиссаси Рабғузий», Махмуд бин Али шайх Ал Кердерий «Нахж-ул-фародис», Хоразмий «Муҳаббатнома» ва б.

**Ключевые слова:** культурное наследие тюркоязычных народов, письменные памятники: Орхон-Енисея устное наследие, «Книга Коркут ата», «Огузнама», авторское литературно-культурное наследие X-XIV веков: «Мухтар-ул ашар» Беруни, «Девони-хикмат» Ахмеда Яссавий, «Дар истины» Ахмеда Югнаки, «Хикметлер» Сулаймана Бакырганий, «Киссаси Рабгузий» Рабгузий, «Нахш-ал-Фарадис» Махмуда бин Али Шайих Ал Кердери, «Мухаббатнама» Хорезми.

**Key words:** cultural heritage of the Turkic people, heritage in writing: manuscripts Orkhon-Enisey, heritage of spoken language in writing: "Korkut Ata's Book", "Oguznama", the author's literary cultural heritage of the X-XIY-th centuries: "Mukhtar-ul Ashar" by Beruni, "Devoni-Khikmat" by Akhmed Yassaviy, "Gift of truth" by Akhmed Yugnaki, "Khikmetler" by Sulaiman Bakirgani, "Rabguziy's kissa" by Rabguziy, "Nakhsh-al-Faradis" by Makhmud bin Ali Shaikh Al Kerderi, "Mukhabbatnama" by Khorezmi.

Жасларды ўатанды шын берилип сүйиў, сол арқалы усы ўатанда жасаўшы халықлардың бир-бири менен ағайин, дос, туўысқан халықлар екенлигин сезинип жасаў руўхында тәрбиялаўда биз түби бир түркий тиллес халықлардың ата-бабалары дөреткен, ерте дәўирлердеги, атап айтқанда, сол түркий тиллес халықлардың дәслепки мәмлекетшилиги пайда бола баслаған VI әсирлерден олардың қурамындағы айырым этник бирикпелердиң өз алдына халық болып бөлинип шыға баслаған дәўирлери – X-XIV әсирлерге тийисли Орхон-Енисей жазба естеликлери, «Оғузнама», «Қорқыт ата китабы» ҳәм т.б. сыяқлы түркий тиллес халықлардың бәршесине ортақ мәдений мийрасларының атқаратуғын хызмети айрықша.

Жоқары оқыў орынларының түркий филологиясы бакалавр жөнелисиниң оқыў жобасы бойынша биз бул мийрасларды 1-курстың екинши ярымында хәр бир миллий әдебияттың басланғыш курсы сыпатында яғный ана әдебиятымыздың пайда болыў ҳәм қәлиплесиўиниң бир дәреги сыпатында үйрене баслаймыз.

Дурыс, Орайлық Азия, Қазақстан, Кавказ хәм Таўлы Алтайда жасаўшы түркий тиллес халықлардан тартып Осланлы түрклерге шекем бул мийрасларды үйренбей, ана әдебиятларының пайда болыў ҳәм қәлиплесиў тарийхын толық билдим дей алмайды. Себеби, бул мийраслар усы халықлардың ямаса сол түркий тиллес халықларға тийисли урыў-қәўимлердиң ерте дәўирлердеги бир этник бирикпелерде, бир сиясий аўқамлар менен бир тутас мәмлекетлик дүзимлерде жасаған дәўирлеринде олардың бәршесине ортақ ата мийрас мүликлери сыпатында пайда болған.

Бирақ, бул мәселениң теориялық тәрепи ғана. Мәселениң әмелий тәрепиниң манызы буннан да әхмийетлирек. Себеби, бул мәдений мийраслар түркий тиллес халықларға тийисли хәр бир миллий әдебияттың пайда болыў ҳәм қәлиплесиўиниң тийкарғы дәреклериниң бири болып қалмастан, сол түркий тиллес халықлардың жас әўладларын, айрықша сол халықлар өзлериниң миллий ғәрезсизлигин алып атырған хәзирги бир дәўирде талаба жасларды азат ҳәм абат ўатанды шын берилип сүйиў, оның ғәрезсизлигин қорғаў, солай етип, бул халықлардың дослық-туўысқанлығын және де беккемлеў руўхында тәрбиялаўдың да ең бир әхмийетли таптырмас дәреги болып табылады.

Талаба жасларды усы ата мийрас сыяқлы муқаддес қәдириятларға ҳүрмет хәм сүйиспеншилик сезимлери руҳында тәрбиялаўда ең биринши гезекте бул мәдений мийраслардың бәрше түркий тиллес халықларға ортақлық, тең ҳуқықлы мийраслылық қәсийетлериниң өзи үлкен тәрбиялық әхмийетке ийе. Оқытыўшы бул мийрасларды талаба жасларға үйреткенде, мине, усы ортақлық, ата мийрасқа тең ҳуқықлы мийрасхорлық принциплерин өзиниң оқытыў усылының тийкарғы сүтини етип алыў керек. Сонда ғана ол өзиниң бул мәдений мийраслар арқалы талаба жасларды жоқарыда атап өтилгендей муқаддес сезимлерге тәрбиялаўдай нйгиликли уллы мақсетлерине толық ериседи. Буның ушын оқытыўшының талабаларға бул ортақ мәдений мийраслардың идеялық-көркемлик өзгешеликлерин уғындырып, түсиндирип қойыўының өзи жеткиликсиз. Бул мәдений мийраслар сол руўхый көркем дүньяны келтирип шығарған, дөреткен халық, миллет, мәмлекет ҳәм ўатан тарийхы менен тығыз байланыслы ҳалда түсиндирилиўи керек. Оқытыўшыға бул ретте, яғный өз пикирлерин дәлийллеўде сол ортақ мәдений мийраслардың өзи ол, мейли, Орхон-Енисей жазба естеликлери ме, «Оғузнама», «Қорқыт ата китабы» ма ҳәм т.б. жақыннан жәрдем береди.

Бул мийрасларда, соның ишинде усы мийраслардың ажыралмас бир бөлеги болған қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларында ўатан түсиниги:

**Аржағы-Түркстан, бержағы-Қоқанд,**

**Ҳәзиретимниң мәкан басқан жайлары,** - деп ямаса классикалық жазба әдебиятымызда:

**Жайлаўым-Үргениш, арқасы-теңиз** (Әжинияз),

ямаса:

**«Хорезм, Түркстан-мәсканым мениң,**

**Бес қала, теңиздиң әтирапы-елим»** (Бердақ),-деп жырланғанындай, бул битиклер менен эпик дөретпелер биз түркий халықлар ушын ўатан деген муқаддес сезимниң шегаралары оннан да кең екенлигин көрсетеди.

Бул мәдений мийрасларда сәўлеленген түркий ўатанның бирлиги, көз жетпес кең пайтахт ел екенлиги ҳаққындағы пикирлерди тарийхый фактлер де бийкарламайды. Мәдений мийрас ҳәм тарийхтың көрсетиўинше, Ана-Ўатан түсиниги түркий халықлар ушын ертеде Алтай, Урал таўлары етеклеринде, Моғулстан сахраларында, Балқан, Арал ҳәм Ыссық көл таў баўрайлары менен жағалықларында, Жайхун-Сайхун дәрьясының арғы жүзинде, яғный Түркстанда, сондай-ақ соңғы дәўирлерде Ҳиндистанда Бабурийлер, Иранда Сафабийлер, Түркстанда хәм Алтын Ордада хәр қыйлы түркий мәмлекетлер менен ханлықлар дүзген, Жақын Шығыс пенен Анатолияда, Румда Селжуклер менен Османлы түрклер империясын қәлиплестирген түркий халықлардың Алтай таўларынан Атлас таўларына дейин, Вияна дәрўазаларынан Ганж қойны кеңисликлерине дейин, Едилден Сахрайи Қабирге дейин созылған дүньяның төрттен бир бөлегин қурайтуғын кең пайтахт аймақ мәканлары түсинилген [9:24-30].

Мәдений лирик алым ҳәм эпик алым мийраслар бизге бул аймақлардың тек Түркий ўатан екенлигинен ғана дәрек берип қоймастан, бул ўатанды қурыўға бизиң халық сыпатында қәлиплесиўимизде белгили хызмет атқарған сақмассагет, хун, оғуз-қыпшақ, печенег сыяқлы руўқәўимлердиң, сол қәўимлерден шыққан қаған, ханлардың да белсендилик еткенлигинен дерек берип турады. Мәселен, Орхон жазыўларындағы Көк түрклер хунилардың неберелери болып, олар биринишилерден болып жәхән түрк хәкимиятшылығына, мәмлекетшилигине тийкар салды. Биринши Көк түрк қағаны Туманға (Бумингe) 545-жылы Шын (Қытай) елшиси келгенде, пүткил түрклер елшиниң келгени түркий мәмлекетшилигиниң камалатқа жеткенлигиниң белгиси деп бир-бирин қутлықлаған [3:227-228].

Орхон жазыўларындағы бул фактлер талаба жасларға ўатан сезиминиң тарийхый тамырлары жүдә ертеде екенлигинен ғана дерек берип коймай, бул мәмлекетшиликти, ўатанды қурыўға өзлериниң де ата-бабалары қатнасқанлығына, олардың Истеми қаған, Билке қаған сыяқлы мәрт, баҳадыр қағанлар болғанлығына, яғный шығысының уллылығына, өзиниң ҳеш кимнен кем емес, ҳеш ким өзинен артық емес екенлигине мақтаныш хәм сүйсиниў сезимлерин билдиреди. Мысалы, «Тоныкөк» битигиндеги Тоныкөктиң «Қапаған қаған 27 жасында тахтқа шықты, күндиз отырмады, түнде уйқыламады. Мен ҳәм қызыл қанымды төрдей, қара теримди суўдай ағызып оның хызметинде болдым. Бизлер булай ислемегенде, бирлескен түрк журты ийесиз қалар еди. Олар менен бирликте болғаным ушын түрк миллети жениске еристи» [6:290-291], деген гәплери хәр бир

жасты ўатанын сүйиўге, оның бирлиги, ғәрезсизлиги ушын бабалар жолына садық гүреслерге шарлайтуғыны сөзсиз.

«Оғузнама» дәстаны түркий бабаларымыздың бирлескен түрк мәмлекетшилигин, азат ҳәм абат ўатан дүзиў ушын гүрес тарийхының тамырлары дәслепки Көк түрклер мәмлекетинен де бурыныракка, бизиң эрамызға дейинги III әсирдин акырындағы хунн-түрклер патшасы болған Оғузханға барып тақалатуғынынан дәрек берип турады [8:3-4]. Оқытыўшы бул дәстанды талаба жасларға үйреткенде, Оғуз каған тийкарын салған Оғуз мәмлекетиниң бизиң эрамыздың III әсирдиң акырларында дүзилген дәслепки хун-түрк мәмлекети екенлигине, бул эпикалық әпсанаўый мәмлекеттиң уллы тарийхый тулға -Тан йўсы Мете дүзген хуннлар-түрклер мәмлекети менен тарийхый жақтан уксас келетуғынлығына, ал Мете болса түрк халық эпосларындағы Оғуз қағанның, түрк жазба дәреклериндеги Алып Ер Теңгениң, иран-парсы жазба дәреклериндеги, анығырағы, Фердаусийдиң «Шахнама»сындағы уллы Туран патшасы Афросиёбтың өзи екенлигине [7:3-5], яғный бабаланымыз Оғуздың сондай уллы тарийхый-әпсанаўый тулға екенлигине айрықша итибар бериў керек. Себеби, бул тарийхый тулғаның Уллы Туран бирлескен түркий мәмлекетин дүзиў ушын алып барған гүреслери талаба жасларға ўатан деген туйғының қудиретли күш екенлигин және де айқынластырады.

Бул жерде оқытыўшы Оғуз, Алып Ер Теңге- Афросиёбтың Уллы Туран мәмлекетшилигин дүзиў жолындағы алып барған сансыз қаҳарманлық гүреслери менен мәртлерше өлими ҳаққындағы мағлыўматларға да айрықша итибар бериўи керек:

Алып Ер Теңге өлди ме,
Ялғаншы дүнья қалды ма,
Замана өшин алды ма,
Енди жүрек жарылар, - [7:5]

делинеди ол ҳаққында жоқлаў жырларында.

Дәстандағы бул қатарлар талаба жасларға Ана -Ўатан - Түркий дүньяның қәўипсизлиги, бирлиги ушын жанынды да аяўға болмайтуғын батырлық, мәртлик зәрүрлигинен дерек берип турады.

Талаба жасларға ертедеги түркий тиллес халықлардың түби бир туўысқан халықлар екенлигин, олардың ўатаны бир түркий ўатан болғанлығын, олар бирлесип, бир түркий мәмлекет дүзгенлигин, бул ўатанда, бул мәмлекетшиликте қарақалпақ халқының да өз үлеслери болғанлығын кең турде дәлийллеп беретуғын түркий тиллес халықларға ортақ мийрасларднң және бири - «Қорқыт ата» китабы болып табылады.

Оқытыўшы бул дәстанның тийкарғы идеясын, сюжетлик мазмунын, образлар жүйесин, жанрлық-көркемлик өзгешеликлерин талаба жасларға түсиндирерден алдын дәстанды дөреткен урыў-қәўимлер тарийхына, оғуз-қыпшақ-печенег тарийхы улыўма түркий халықлар тарийхының ажыралмас бир қурам бөлеги екенлигине, оғузлар менен печенеглердиң VIII-XI әсирлердеги Сырдәрья бойларындағы аўқамлас тарийхына кеңирек токтап алғаны мақул. Себеби, қарақалпақлардың этиогенезинде баслы орынды ийелейтуғын печенег қәўими тарийхы «Қорқыт ата» жырларын камалға келтирген оғуз-қыпшақ улысының тарийхы менен тығыз байланыслы, ҳәттеки, бул бирлеспеде тийкарғы орынлардың бирин ийелеген.

Ҳәзирги тарийх илиминиң көрсетиўи бойынша, апасиаклар (қарақалпақлар) менен аўгасийлер (түркменлер) Сырдәрьяның төменги қуярлығы менен Арал бойларында араласып жасаған. Бул қәўимлер жасаған мәканларда IV әсирде шығыстан гуннлар (хунилар), VI-VIII әсирлерде түрклер келе баслайды. Бул қәўимлер Әмиўдәрья бойындағы печенеглерге, Сырдәрьяның төменги жағындағы аўгасийлерге араласып кетеди. Нәтийжеде VII-VIII әсирлерде апасиак-гунн-түрк араласпасынан Печенег аўқамы, аўгасий-гунн-түрк араласпасынан Оғуз аўқамы дүзиледи. Ҳәзирги Беруний (Қат, Қыят) печенеглердиң баслы қалаларының бири болған. IX әсирдиң ақырында печенеглердиң жерлери Әмиўдәрьяның төменги жағалаўлары Арал бойларынан Орал (Едил) ҳәм Волга (Жайық) аралығындағы кең аймақты өз ишине алған [4:8-11].

VIII-IX әсирлерде печенеглер оғузлар менен тығыз экономикалық-сиясий байланыста болған, ҳәтте оғузлар менен аўқамлас болып, олардың басқа мәмлекетлерге болған атланысларына да қатнасқан. Бирақ, X әсирдиң басында оғузлар Хазарлар менен биригип, печенег аўқамының батыс бөлегин екиге бөлип, бир бөлегин Византияға, бир бөлегин Киев русы тәреплерге шығып кетиўге мәжбүр еткен. Бул дәўирлерде Аралдың түслигинде қалған Шығыс бөлеги ҳәзирги «Қарақалпақ» атамасын ийелеген. XI әсирдиң биринши ярымында Арал әтирапындағы қалған Шығыс печенеглердиң, қарақалпақлардың жерине Сибирь, Ертис таманлардан қыпшақлар басып кирип, печенеглерди өзлериниң 1066-жылғы рус жерлерине басып кирген саўашларына қатнастырды. Шығыс печенеглердиң қыпшақлар менен рус жерлерине барып қалған айырым бөleклери Днепр дәрьясының Рось деген тармағын бойлап жайласады. Торчевск қаласы олардың орайлық қалаларының бири болған. 1140-жылы Шығыс печенеглердиң усы жерге келип қалған бир бөлеги рус жылнамасына «Черные клобуки» деген ат пенен киреди [4:9-10].

Печенеглердиң оғуз-қыпшақ улысы менен байланысының жоқарыдағыдай қарама-қарсылыққа толы қурамалылығынан болса керек, айырым илимпазлар (Бернштам) «Қорқыт ата» жырларын печенеглердиң 958-жылғы Киевте жасаған гезинде туўған дейди.

Ә.Қоңыратбаев оны 965-жылғы Хазар мәмлекетиниң қулаўы, 1043-жылғы Жанкент улысының ыдырап, оғузлардың батыс-шығыс топарларға бөлинип кетиў ўақыялары менен байланыстырады [5:82-83].

Печенеглердиң (қарақалпақлардың – А.К.) оғуз-қыпшақ бирлеспесине қатнасы менен «Қорқыт ата жырлары»на ортақлығы мәселесиниң дурыслығын биз «Қорқыт ата жырлары»ндағы сүўретленген ўақыялардан да көремиз. Мәселен, көп жылға созылған оғуз-қыпшақ бүлгиншилиги тусында, анығырағы «оғузлардың Сейилхан» (Селжук-түркмен), Жайылхан (печенег-қыпшақ) болып екиге бөлинип жайласқан дәўирлеринде печенеглер батыры Кеден менен қара қыпшақ батыры Қоблан Жайылхан жағында турса, Қазансалор, Қараман сыяқлы батырлар Сейилхан тәрепинде турған. Печенеглердиң (қарақалпақлардың – А.К.) батыры Бәмси-байрақ* болса еки жақтың бирлиги ушын гүресип қаза тапқан. Оны Қазанға өкпелеп, елин бөлип алып кеткен Аруз (қыпшақтың асырап алған баласы) өлтирген. Ол Бәмси-байрақ қыпшақларға күйеў болған. Печенегтиң және бир батыры Кеденниң Қазан менен келисим дүзген ўақытлары да болған [5:144].

Қулласы, «Қорқыт ата жырлары»ның тийкарғы бөлегин печенег-салор жаўласыўларына байланыслы ўақыялар ийелейди. Мәселен, «Қазанның аўылын жаў шапқан туўралы жыр» менен «Ораз, Екрек, Секрек жырлары» усындай мазмунда.

Солай етип, «Қорқыт ата» жырларын бир ғана Баяндур (Сельжук-Азербайжан), Қазан-салор (Сейилхан-түркмен) улысларына тийисли деў қәте. Ол (жыр-А.К.) ең дәслеп IX әсирде Сыр (Түркстан) тайпалары арасында аўызеки түрде дөреп, соң XV әсирде Кавказ жеринде Баяндурхан сарайында (1437-1402-ж.) хатқа түскен. Онда IX-X әсирде Сыр бойында болған оғуз-қыпшақ улысының шежиреси менен тарийхы басым, сол ушында ол пүткил түркий тиллес тайпалары эпосының сағасында турады [5:183].

Демек, «Қорқыт ата» қарақалпақ эпосының жанрлық белгилериниң жетилисиўинде тийкарғы көркем дәреклердиң бири болып есапланады. Буны биз «Қорқыт ата» жыры менен қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының арасындағы сюжетлик желис пенен қаҳарманлық мотивлердиң типологиялық уқсаслықларынан айқын сезиўимизге болады [1:39-48].

Усындай ортақлық ҳәтте, улыўма инсанийлық сыпатлар менен миллийликке қатнас мәселелери ҳаққындағы пикирлерди X-XIV әсирлерде қарақалпақ топырағында ямаса қарақалпақлардың мәлим топарлары мәкан еткен кең аймақларда жасап, дөретиўшилик мийнет еткен бабақаланларымыз Беруний, Ахмед Яссаўий, Ахмед Югнакий, Сулайман Бақырғаний, Рабғузий, Ал Кердерий ҳәм т.б. жазба әдебий-мәдений мийраслары мысалында да айтыўға болады [2:3-4].

Дурыс, бул орынларда әжайып қаҳарманлықлар ислеген уллы ойшылларды тек бир ғана миллет әдебияты, мәденияты ҳәм илиминиң ўәкиллери деп меншиклеў қыйын. Бул қомусий алымлар өзлери жасап турған дәўирлеринде-ақ бир халық, миллет ўәкиллери сыпатында миллий қабықларынан шығып, пүткил түркий халықлардың, қала берди, дүнья

* Алпамыстың «Қорқыт ата жырлары»нда келтирилген аты – А.К.

руўхый әлеминиң жарык жулдызларына айланып кеткен еди.

Деген менен, оларды биринши гезекте қаракалпақ топырағының перзентлери, бизиң ерте дәўирдеги жазба әдебиятымыздың сағаларында туратуғын комусий уллы ойшыллар, көркем сөз зергерлери деп баҳалаўға илимий тийкарлар толық жеткиликли. Атап айтсақ, Х әсирдиң уллы энциклопедист алымы Абу Райхан Ал Беруний 973-жылы Қыят (ҳәзирги Беруний) қаласында туўылса, XI-XII әсирдеги түркий ҳәм араб-ислам дүньясында «қудайдың қоңсысы» деп аталған уллы Абулқасым Махмуд Ал-Замақшарий 1075-жылы Гөне Үргениш – Тақыяташ аралығындағы шегаралас аўыллардың биринде туўылып кәмалға келген. Ал, XII әсирдеги тасаўып илиминиң көрнекли ўәкиллериниң бири Сулайман Бақырғаний болса Қоңыратқа жақын жердеги Бақырған аўылына жерленген. Өзиниң «Пайғамбарлар қыссасы» шығармасы менен қаракалпақ топырағында дәслепки орта әсирлик авторлық жазба прозаға тийкар салған Рабғузий де (Буркан улы Насраддин де) XIII әсирдиң 20-жылларында Ақмаңғыт елаты аймағындағы Работоғуз деген калада (ҳәзирги Төк қалада) туўылып, дөретиўшилик мийнет еткен. XIV әсир мәденияты тарийхына келетуғын болсақ, усы әсирдеги белгили тарийхшы, ҳуқықтаныўшы ҳәм философ алым Махмуд бин Али Шайх Ал Кердерий қаракалпақлардың ерте дәўирлердеги мәмлекетшилиги орайы есапланған Кердер қаласында (ҳәзирги Ақмаңғыт районы Кердер фермер хожалығы) аймақларында дүньяға келсе, ал белгили «Муҳаббатнама» дәстанының авторы болған Хорезмий Қыят (Беруний) қаласында туўылған бизиң уллы жерлеслеримиз болып табылады.

Усындай пикирлерди XII әсирдеги түркий дүньясының сөз шеберлериниң бири Хожа Ахмед Яссаўий, Ахмед Юғнакийлер ҳаққында да айтса болады. Неге дегенде, тасаўып ағымындағы түрк әдебиятының тийкарын салыўшылардың бири, көрнекли шайыр Хожа Ахмед Яссаўий XI әсирде Сырдәрья қаракалпақларының ески қалаларының бири Сайрамда туўылып, 1166-жылы барлық қаракалпақлардың, әсиресе, Сырдәрья қаракалпақларының ата журты есапланатуғын Түркстанда қайтыс болса, түркий дүньядағы ең көркем философиялық-дидактикалық дәстанлардың бири «Ҳақыйқатлар сыйлығы»ның авторы Ахмед Юғнакий де усы Түркстандағы Юғнак деген қаракалпақ аўылында дүньяға келген.

Ең баслысы – булардың көпшилигиниң Сулайман Бақырғаний, Рабғузий, Яссаўий, Юғнакий, Хорезмийлердиң түркий дүньядағы көрнекли көркем сөз шеберлери екенлигине даў жоқ. Ал, уллы комусий алымлар есапланған Беруний, Замахшарий, Кердерийлерге келетуғын болсақ, олар да көркем сөз әлеминиң белгили ўәкиллери болған. Мысалы, Беруний «Мухтар-ул-ашар» таңламалы қосықлар топламының авторы болыўы менен бирге, дүньялық әдебиятта көркем сөз үлгиси есапланатуғын «Өтмиштеги бабалардан қалған естеликлер» мийнети менен халық прозасының жыйнаўшысы ҳәм дөретиўшиси сыпатында көзге тасланады. Замахшарий де көп көркем философиялық трактатлар, қосықлар, дәстанлар жазған көркем сөз шебери болып есапланады. «Сөз тийкарлары», «Әдебияттаныўға кириспе» мийнетлери болса оны түркий ислам дүньясындағы биринши әдебият теоретиги сыпатында да дәлийллеп турады. А.Кердерийдиң 1357-жылы жазылған «Нақш-ал-Фарадис» («Бейиштиң ашық жолы») китабы тек илимий мийнет болып қоймастан, усы дәўирдеги жазба әдебият үлгилери де болып табылады. Бул шығармада да қарақалпақ халқының мәнаўиятына, руўхыятына жақын келетуғын бир қанша ертеклер, аңызлар, рәўиятлар орын алған.

Бул дереклер, бириншиден, қаракалпақ аймағының әййемги Хорезм цивилизациясы ошағының ажыралмас бир бөлеги болғанлығын көрсетсе, екиншиден, бул мәденияттың раўажланыўына қарақалпақлардың да үлкен үлес қосқанлығын дәлийллейди.

Жуўмақлап айтқанда, түркий тиллес халықларға ортақ бул әдебий-мәдений мийрасларды, мине, усылайынша мийраслылық көзқарасынан үйретиў бириншиден, түркий тиллес халықлардың жасларын түркий дүньяны, түркий ўатанды, оның ғәрезсизлигин, өзлериниң ата-бабаларын, туўысқанлықты сүйиўге, оны және де тереңирек беккемлеўге шақырыўда үлкен хызмет ететуғын болса, екиншиден оларда миллий мақтаныш ҳәм көтериңкилик сезимлерин пайда етиўдиң де тәсиршең миллий руўхый эстетикалық дәреги болып хызмет ететуғынлығы даўсыз. Себеби, бул мийраслар мәдений-генетикалық жақтан бир-бирине жақын болған бир туўысқан халықлардың белгили бир дәўирлердеги ортақ руўхый мийрас мүлки болыўы менен бирге, мәлим дәрежеде миллий ҳәм улыўмаинсаныйлық қәдириятлар да болып есапланады.

**Әдебиятлар**

1. Алламбергенов К. «Қорқыт ата китабы» ҳәм қаракалпақ қаҳарманлық дәстанлары. // «Қарақалпақстан муғаллими». 1994, №2-4.

2. Алламбергенов К. Қарақалпақ әдебияты тарийхының ерте дәўирлерин дәўирлестирип үйрениўдиң гейпара мәселелери. / Ҳәзирги дәўирде филология теориясы ҳәм методикасының актуал мәселелери. (Илимий-теориялық конференция материаллары). – Тошкент: «Тафаккур», 2012.

3. Бичурин Н.Я. Собрание сведений о народах, обитавших в Средней Азии в древние времена. Том I. – М.Л.: изд-во АН, 1950.

4. Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлигиниң тарийхынан. - Нөкис: ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы», 2001.

5. Қоңыратбаев Ә. Тюркология және эпос. – Алматы: «Ғылым», 1986.

6. Масими Қ. Племенное объединение «Уйгур». История Уйгурской державы. – Алматы: «Атамура», 1998.

7. Раҳман Н. Турк хоқонлиги. – Тошкент: «Халқ мероси», 1993.

8. Физулий Б. Оғуз епик әнәнәси вә «Оғуз қаған» дастаны. – Бакы: «Сабаh», 1993.

9. Турон У. Туркий халқлар мафкураси. – Тошкент: «Чўлпон», 1995.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада туркийзабон халқларга муштарак бўлган оғзаки ва ёзма адабий меросларнинг ёшлар тарбиясида тутган ўрни ҳақида сўз юритилиб, бу меросларнинг муштарак бўлиши билан бирга миллий ва умумқадриятлар эканлиги атрофлича илмий далиллар билан кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится о роли устного и письменного литературного наследия средних веков тюркоязычных народов в воспитании молодого поколения. Автор статьи научно обосновывает тот факт, что эти произведения являются не только духовным наследием, но и национальными и общечеловеческими ценностями.

**SUMMARY**

The article is devoted to the description of the role of spoken and written literary heritage of the Middle Ages of the Turkic people in the education of young generation. The author of the work tries to show the fact, that these works are not only valuable as the spiritual heritage, but they are the national and general human values.